

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa mangrupa pakakas anu dipaké ku manusa pikeun komunikasi jeung sasama dina kahirupan sapopoé. Basa téh kabagi jadi dua bagian nya éta basa lisan jeung basa tulisan. Ku kituna basa miboga kalungguhan anu kacida pentingna dina kahirupan manusa. Ku ayana basa, manusa bisa nepikeun maksud, ide, gagasan jeung tujuan ka manusa séjénna nepi ka bisa ngarti naon anu dipimaksudna. Basa dipaké ku manusa dina sagala widang, di antarana dina widang atikan. Dina widang atikan basa dipaké pikeun nepikeun matéri pelajaran, komunikasi antara guru jeung siswa, atawa komunikasi antara guru jeung guru séjénna. Dina widang atikan ogé basa mangrupa salah sahiji mata pelajaran anu di ajarkeun ka siswa.

Kaparigelan basa ngawengku opat aspék nya éta ngaregepkeun, nyarita, maca jeung nulis. Kaopat kaparigelan basa éta téh silih patali, silih lengkepan jeung silih deudeul ku sabab mangrupa hiji sistem anu teu bisa dipisahkeun. Ngaregepkeun jeung maca mangrupa kaparigelan basa anu sipatna réseptif sedengkeun nyarita jeung nulis mangrupa kaparigelan basa anu sipatna produktif. Ayana pangajaran basa di sakola-sakola taya lian tujuanana nya éta sangkan murid nyangkem kana opat kaparigelan basa. Kitu ogé pangajaran Basa Sunda di sakola anu nurutkeun Sudaryat (2004:12) miboga tilu tujuan pangajaran nya éta sangkan siswa: (1) ngajénan jeung ngarasa reueus kana basa jeung sastra Sunda; (2) paham kana basa jeung sastra Sunda (wangun, harti, jeung fungsi); sarta (3) mampuh maké basa jeung sastra Sunda kalawan bener tur merenah.

Kaparigelan maca mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu gunana pikeun narima informasi anu sumberna tina tulisan. Maca nya éta proses anu dilakukeun ku nu maca pikeun nyangkem eusi atawa ma'na anu dikandung ku bahan bacaan. Nurutkeun Hudgson dina Tarigan (2008:7) maca nya éta salah

sahiji proses anu dilakukeun sarta digunakeun ku nu maca pikeun nyangkem pesen, anu rék ditepikeun ku nu nulis ngaliwatan kekecapan atawa basa tinulis.

Nurutkeun Tarigan (2008:13) maca dipasing-pasing deui jadi sababaraha bagian, nya éta maca bedas jeung maca dina jero haté. Maca dina jero haté ngawengku maca éksténsif jeung maca inténsif. Maca éksténsif dibagi deui jadi tilu, nya éta maca suvey, maca saliwat, jeung maca saulas, sedengkeun maca inténsif dibagi deui jadi dua, nya éta maca talaah eusi jeung maca talaah basa. Maca talaah eusi ngawengku maca taliti, maca pamahaman, maca kritis, jeung maca ide. Maca talaah basa ngawengku maca pedaran jeung maca sastra. Dina ieu panalungtikan panulis baris nguji ngeunaan kamampuh maca pamahaman siswa.

Nurutkeun Garner dina Tésis Hérnawan (2009:28-29) maca pamahaman téh nya éta kagiatan nu raket patalina antara nu maca, téks bacaan jeung eusi amanat nu ditepikeun ku nu nulis. Nu maca bisa disebutkeun paham kana eusi bacaan nalika nu maca geus bisa nyangkem informasi tina téks bacaan, boh nu katémbong sacara langsung, boh nu teu ditembongkeun sacara langsung.

Kaparigelan nulis ogé mangrupa kaparigelan anu kacida pentingna dina kahirupan manusa kitu ogé dina widang pendidikan. Kaparigelan nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan basa anu kudu dikawasa ku siswa. Ku cara nulis siswa bisa ngébréhkeun jeung ngaéksprésikeun gagasan atawa pamadegan, pamikiran, jeung perasaan anu dipikaboga ku siswa. Salian ti éta, ku cara nulis, siswa bisa mekarkeun daya pikir jeung kréativitasna dina nulis.

Saperti anu ditétélakeun ku H.G. Tarigan yén nulis téh nya éta:

Menurunkan atau melukiskan lambing grafik yang menggambarkan suatu bahasa yang dipahami oleh seseorang sehingga orang lain dapat membaca lambang–lambang grafik tersebut kalau mereka memahami bahasa dan gambar grafik tersebut.

Kamampuh maca jeung nulis mangrupa kamampuh anu kacida pentingna dina kahirupan manusa. Aya korélasi antara maca jeung nulis. Panulis anu hadé mangrupa pamaca anu hadé. Tapi, pamaca anu hadé can tangtu jadi panulis anu hadé. Maca jeung nulis mangrupa hiji kagiatan anu ngajadikeun hiji penulis

salaku nu maca jeung nu maca salaku penulis. Hiji jalma bakal mampuh nulis sanggeus maca hiji karya atawa sacara teu langsung bakal maca karyaana sorangan. Nalika hiji jalma maca karangan jalma lian manéhna ogé miboga peran salaku penulis, manéhna baris nimukeun topik jeung tujuan, gagasan, sarta ngaorganisasi bacaan tina karangan anu dibacana. Nurutkeun Tarigan (2008:4) aya hubungan antara nulis jeung maca anu raket patalina. Lamun urang nuliskeun hiji hal, taya lian sangkan tulisana dibaca ku jalma lian. Ku kituna, hubungan antara nulis jeung maca mangrupa hubungan antara nu nulis jeung nu maca.

Aya sasaruana antara maca jeung nulis, nya éta (1) duanana sipatna henteu langsung, (2) duanana ngagunakeun media tinulis dina komunikasina. Tapi, aya ogé bébédana nya éta (1) nulis mah sipatna produktif sedengkeun maca mah sipatna réseptif, (2) nulis mah sipatna éksprésif sedengkeun maca mah sipatna aprésiatif.

Aya sababaraha panalungtikan anu nétélakeun hubungan antara kaparigelan maca jeung nulis, di antarana risét anu ditalungtik ku dr.Krashen. Hasil tina éta riset némbongkeun yén urang diajar nulis téh tina maca. Urang bakal nimukeun gaya tulisan, basa (*gaya penulisan*) ku cara maca. Éta *gaya penulisan* téh sacara teu sadar langsung *diserap* ku diri urang tina maca. Hiji jalma anu bener dina macana, tangtu bener dina nulisna ku sabab manéhna sacara teu sadar meunangkeun *gaya penulisan* anu bener tina bacaan anu dibaca.

Patali jeung hal di luhur, dina ieu panalungtikan baris dipedar dua variabel nu ngawengku variabel kamampuh maca jeung variabel kamampuh nulis éséy. Dua variabel éta dipatalikeun naha aya korélasi anu signifikan atawa henteu. Ieu panalungtikan dilaksanakeun lantaran dina panalungtikan saméméhna tacan aya anu nalungtik ngeunaan korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis éséy di SMK. Aya ogé panalungtikan anu judulna Korélasi Antara Kamampuh Maca jeung Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi Siswa SMP. Ku ayana panalungtikan saméméhna ngeunaan korelasi antara kamampuh maca jeung nulis, panalungtik baris ngabuktikeun ayana korélasi antara kamampuh maca jeung nulis,

tapi bedana panalungtikan dilakukeun di SMK ngaliwatan karangan anu béda nya éta éséy.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu diébréhkeun di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nalungtik ayana korélasi antara kamampuh maca jeung nulis éséy siswa kelas XII SMK. Sangkan ambahanana teu lega teuing, kamampuh maca dina ieu panalungtikan diwatesanan ku kamampuh maca pamahaman. Aya opat tingkatan kamampuh maca pamahaman, nya éta 1) pamahaman literal; 2) pamahaman inferensial; 3) pamahaman élaborasi; jeung 4) pamahaman évaluasi. Dina ieu panalungtikan tingkatan kamampuh maca anu digunakeun nya éta kamampuh maca pamahaman literal jeung inferensial anu ngukur pamahaman siswa ngeunaan pamahaman kana naon-naon anu dina eusi bacaan saperti ide pokok, urutan, perbandingan, palaku dina bacaan, napsirkeun, jeung ngaévaluasi eusi bacaan (Dalman, 2013:94-101), anu satuluyna di korélasikeun jeung kamampuh nulis éséy. Kamampuh nulis éséy anu diukur ngeunaan éjahan, paragraf, jeung eusi karangan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskan dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh maca pamahaman siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung?
- 2) Kumaha kamampuh nulis éséy siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung?
- 3) Naha aya korélasi anu signifikan antara kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis éséy siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis éséy siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan baris ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh maca pamahaman siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung;
- 2) kamampuh nulis éséy siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung; sarta
- 3) korélasi antara kamampuh maca pamahaman jeung kamampuh nulis éséy siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung.

1.4 Mangpaat panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis tina ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan minat maca jeung kamampuh nulis éséy sarta korélasi antara kaduana.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) pikeun siswa, dipiharep bisa nyangking pangalaman sarta bisa leuwih paham kana pentingna maca anu bakal mangaruhan kana kamampuh nulis hususna nulis éséy.
- 2) pikeun guru basa Sunda, bisa dijadikeun bahan tinimbangan dina ngaronjatkeun kamampuh maca siswa jeung kamampuh nulis éséy.
- 3) pikeun nu nalungtik, bisa mikanyaho aya henteuna korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis éséy siswa kelas XII SMK Negeri 5 Bandung.

1.5 Raraga tulisan

Bab I medar kasang tukang masalah, rumusan jeung watesan masalah, tujuan panalungtikan, nu ngawengku tujuan umum jeung tujuan khusus, mangpaat panalungtikan, boh mangpaat téoritis boh mangpaat praktis, jeung nu pamungkas ngeunaan raraga tulisan.

Bab II medar teori ngeunaan kaparigelan maca, kaparigelan nulis jeung nulis éséy, anggapan dasar, jeung hipotésis panalungtikan. Dina ieu bab, eusina ngeunaan tatapakan téori anu dipaké dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan.

Bab III medar populasi jeung sampel, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, nguji instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, téhnik ngolah data, jeung téhnik nganalisis data.

Bab IV ngadéskripsikeun kamampuh maca siswa, kamampuh nulis éséy siswa, korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis éséy, nguji korélasi antara kamampuh maca jeung kamampuh nulis éséy, uji hipotésis, jeung nguji détéminasi, sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V medar kacindekan jeung saran.